# MUZIKA SABAǴI MAZMUNINIŃ BALALAR JASINA HÁM BILIMINE SAY BOLIWI PRINCIPI

**Qudaybergenov Nursultan Paxratdin ulı**

Qaraqalpaqstan Respublikası Nókis qalası.

*https://doi.org/10.5281/zenodo.11069530*

***Anotatsiya.*** *Bul maqalada muzıka sabaǵı mazmunınıń balalar jasına hám bilimine say bolıwı principi, muzıka sabaqlarında oqıtıw usılları haqqında sóz etilgen.*

***Gilt sóz:*** *muzika, tálim, metodlar, tıńlaw hám esitiw, uqıp, improvizatsiya.*

# THE PRINCIPLES THAT THE CONTENT OF THE MUSIC LESSON SHOULD BE EQUAL TO THE AGE AND KNOWLEDGE OF THE CHILDREN

***Abstract.*** *The principles of music lesson content being equal to children's age and knowledge, teaching methods in music lessons are explained.*

***Key words:*** *music, education, methods, listening and hearing and hearing, ability, improvisation.*

# ПРИНЦИПЫ СООТВЕТСТВИЯ СОДЕРЖАНИЯ УРОКА МУЗЫКИ ВОЗРАСТУ И ЗНАНИЯМ ДЕТЕЙ

***Аннотация.*** *Объясняются принципы составления содержания уроков музыки с учетом возраста и знаний детей, методика обучения на уроках музыки.*

***Ключевые слова:*** *музыка, образование, методика, аудирование и слух, умение, импровизация.*

---

Muzıka sabaǵında muzıkanıń ózi-ózine kórgizbe qural bolıp esaplanadı. Muzıka kóz benen emes, qulaq penen qabıl etedi. Mısalı, nama shertkende yamasa qosıq aytqanda, nama hám sózi qulaq penen tıńlap «kórip» qabıllanadı. Muzıka tıńlawda hám shıǵarmanı talqılawda saz kórgizbe sıpatında shertip «kórsetiledi».

Muzıka sabaqlarında oqıtıw tómendegishe bolıwı kerek:

1. Úyretiw;
2. Rawajlandırıw;
3. Tárbiyalaw.

Oqıtıw momenti muzıka táliminiń maqseti, usılları hám principlerın óz ishine aladı. Bul shıǵarmanı úyreniwden maqsetti ashıp beriw, oqıwshılarǵa jetkiziw, kórkem túsin ashıp beriwge mólsherlengen. Onıń ushın oqıtıwshı ulıwma pedagogikalıq hám menshikli metodlardan, muzıka tálimi principlerınen paydalanadı. Sabaqta rawajlanıw momenti tómendegishe ataladı

a) Muzıka shıǵarması mısalında vokal hám xor sheberligin (dem alıw, dawıstı biliw, dawıs shıǵarıw, úzliksiz aytıw texnikası, tildi burıw hám taǵı basqa) rawajlandırıw; b) Muzıka shıǵarmasın tıńlaw hám esitiw qábiletin rawajlandırıw;

c) Balanıń xarakterindegi sezimli tárepti keńeytiw hám rawajlandırıw, onı mehriban hám bayqaǵısh qılıw;

d) Uqıp, improvizatsiya, balalar saz ásbaplarında shertiw, muzıkaǵa ritmik háreket qılıw qábiletin rawajlandırıwǵa járdem beriw.

Oqıtıwshınıń shertkendegi qol háreketi, dirijerlıǵı, bet-júz kelbeti, taxtaǵa ilingen qosıq plakatı, shınıǵıw jazıwı, bular kórgizbe qurallar. Biraq bular muzıka kórgizbeligine járdemshi ekinshi dárejeli qurallar. Sebebi kózi kórmeytuǵın soqır adam qabıl etedi, al esitpeytuǵın adam muzıkanı kóz benen kórse de qabıl ete almaydı. Degen menen baslawısh (klass) atlamlarda qosıq mazmunına baylanıslı kartinalar shıǵarmanıń kórkem mazmunın anıq kóz aldına keltirip qabıl etiwge járdem beredi. Ásirese, taxtaǵa seslerdiń grafik sızıqlar menen kórsetiliwi, klaviatura arqalı muzıka seslerin shertip kórsetiwi dáslepki qabıllaw tájiriybelerin toplaydı. Orta atlamda bolsa, nota jazıwları (konkret) anıq hám absalyut sistemaǵa ótedi. Kórgizbe lentalı kasetalar, kompyuterler. (Aralıqtan oqıtıw) televidenie arqalı kórgizbeli oqıtıw quralları paydalanıladı.

Bul princip tiykarǵı baǵdarlamalardan (programma) oqıw materialın tańlawda, sabaq mazmunın dúziw ushın qollanıladı. Bunda hár bir atlamnıń ulıwma bilim hám tájiriybeleri esapqa alınıwı shárt. Soǵan tiykarlana otırıp jıllıq kalendar joba dúziw ushın shıǵarmalardı erkin tańlaw imkaniyatı beriledi. Usı táreplerinende muzıka sabaǵı basqa sabaqlardan ózgeshelikke iye. Bunda qosıq tıńlaw ushın namalar, vokal-xor shınıǵıwları, muzıka sawatı materialları, shıǵarmaǵa talqı jasaw ushın terminler hám nama dóretiwshiler haqqında fakt hám dáliller, turmıstan mısallar menen balalardıń bilim, tájiriybelerine sáykes joba dúziledi. Eger baslawısh atlamlarda muzıka sabaǵın qániyge oqıtıwshı alıp barmaǵan bolsa, baǵdarlamanı ózlestiriwi bir tamanlama, olda bolsa, tek qosıq úyreniw menen sheklenip qaladı. Demek, balalardıń bilim dárejesi arqada qalǵan bolıp sonıń nátiyjesinde olar mısalı V-atlam materialların ózlestiriwde qıynaladı. Bunday jaǵdayda oqıtıwshı baslanǵısh atlam oqıw materiallarınıń eń tiykarǵı hám zárúr bólimlerin oqıw jılınıń birinshi bóliminde tezlestirip oqıtıw usılı menen oqıtıp alıp, soń V-atlam materialın ótiwdi baslaydı. Ulıwma alǵanda bul didaktik princip barlıq (klass) atlamlarda sabaqqa tayarlıq kóriw processi hám onı sabaqta alıp barıw dáwirinde keń qollanıp barıladı, egerde baslawıshtan sońǵı orta klasslarda qániyge emes oqıtıwshılar muzıka sabaǵın oqıtsa onda ulıwma xalqımızdıń milliy mádeniyatınıń rawajlanıwına tosqınlıq jasaǵan bolamız. Sebebi V-VI klass oqıwshılarınıń óspirimlik dáwiri baslanıp tábiyat hám turmıs nızamlarına qızıǵadı.

Organizmde ózgerisler payda bolıp, boydıń ósiwi, tez sharshaw nátiyjesinde olar ózlerin úlken adam etip kórsetiwge, ómirde óz orınların belgilewge urınadı. Bunı esapqa almaǵan oqıtıwshı ayırım oqıwshılar menen túsinispey qalıwı múmkin. VI-VII atlamda balalarda mutaciya (dawıstıń ózgeriwi) dáwiri baslanadı.

Ásirese, er balalarda dawıs (registri) aralıǵı bir oktava tómeneyip juwanlasadı. (qız balalarda dawıs ózgeriwi jeńil ótedi.) Nátiyjede er balalar qosıq aytqanda sazǵa túse almay qıynaladı, joqarı notalardı kúshenip aytadı. Bul dáwirde balalarda tamaq, dawıs perdesi baylanısları qızaradı. Dawıslardıń imkaniyatına qarap ayttırıw, hátteki mutaciya kúshli ózgeris dáwirinde ayttırmaw kerek. Bul jerde qániyge emes muǵallim sabaq berse, 45 minut sabaq dáwirinde baqırıp qosıq ayttırıp, qızıp turǵan tamaq, ásirese qıstıń kúnleri qońıraw bolǵannan dalaǵa júgirip shıǵıp ketiwi oqıwshılardıń dawıs diapazonınıń, ses shiresiniń ózgeriwine hátteki joǵalıwına alıp keledi. Demek sonıń nátiyjesinde, biz xalqımızdıń milliy mádeniyatın dúnyaǵa tanıtıwshı ayırım baqsı, jıraw, qosıqshılardıń jas óspirim dáwirinde-aq rawajlanbay qalıwına sebepshi bolamız. Sonıń ushın muzıka mádeniyatı sabaǵına úlken itibar beriledi. Bilim hám kónlikpelerdiń bekkemligine hám turǵınlıǵına erisiw ushın olardıń turmıs penen baylanıslı bolıwın támiyin etiw kerek.

Usı joqarıdaǵı 4 principke ámel qılıw, bul talap. Ekinshiden, shıǵarmalardı tańlaǵanda tómendegilerge ámel qılıw zárúr.

A) Tańlanǵan shıǵarma (yamasa qosıq) balalardıń oylaw qábiletine, kórkem sawatına hám minez-qulıq tárbiyası ushın say bolıwı.

B) Muzıka tálimi, yaǵnıy bilim beriliwge bolǵan talaplar. S) Barlıq balalardı belgili bir ótilip atırǵan shıǵarmaǵa qızıqtıra alıw hám onı ózlestiriwine isenimli bolıwı.

Juwmaqlap aytqanda XXI ásir - “tezlik ásiri”, “integraciya ásiri”, “informaciya ásiri”, jańa texnologiyalar, mobil telefonlar, internet hám jańa aldıńǵı jaslar ásiri. Turmısı mudami hárekette bolǵan jańa zamanagóy adamlardıń jası. 21ásir adamı - informaciya adamı. Ol turmıstıń barlıq iskerlik tarawıların túsiniwge umtıladı, erkinlikke tırısadı, kórkem óner arqalı haqıyqatlıqtı qayta qáliplestiredi, shegaradan ótedi, turmıstı ózgertiredi, uyqaslıq hám erkinlikke erisedi. Global ózgerisler hám integraciya processleri, texnologiya hám informaciya resursları asa jedel rawajlanıp atırǵan dúnyada jasap atırǵan zamanagóy insanǵa qoyılatuǵın tiykarǵı talap - dóretiwshilik qábileti bolıp tabıladı. Sonlıqtan, zamanagóy tálimniń wazıypalarınan biri bárkámal, dóretiwshi shaxstı qáliplestiriw ushın shárt-sharayat jaratıw bolıp tabıladı.

Kórkem óner civilizatsiyanıń ayriqsha sazlaǵıshı, haqıyqat, jaqsı iskerlik hám gózzallıqtı sintezlewge, insan dóretiwshiligin qáliplestiriwge ılayıq universal oylaw tárizi bolıp tabıladı.

Kórkemestetik tálim social áhmiyetke iye materiallıq qádiriyatlar hám shaxstıń jeke qádiriyatları ortasında dáldálshı bolıp, tiykarǵı kompetensiyalardı (ulıwma materiallıq, kórkem hám kognitiv, kórkem hám kommunikativ hám basqalar) qáliplestiriwdi támiyinleydi, qálewdi hám qabıletti qáliplestiredi. Turmıs dawamında kórkem hám dóretiwshilik ózinen-ózi ámelge asırıw ushın ruwxıy ózin ózi jetilistiredi. Bul iskerliginiń barlıǵında sezimi tárepten bayqaǵısh tarawdıń hám shaxstıń dóretiwshilik iskerligi zárúrli rol oynaydı, onıń rawajlanıwı tikkeley kórkem óner menen baylanıslı boladı.

Zamanagóy mektep tárepinen sheshilgen kóplegen máseleler tálim mazmunın sezilerli dárejede jańalaw, ulıwma tálimniń mámleket standartın sapalı ámelge asırıw, oqıwshı shaxsın óz-ózin ańǵarıw hám ózin ózi belgilew ushın sharayat jaratıw menen baylanıslı. Zamanagóy muzıka táliminiń tiykarǵı maqseti: “Muzıka mádeniyatın - ruwxıy mádeniyat ajıralmaytuǵın bólegi retinde qáliplestiriw”. Zamanagóy mektep muzıka táliminiń aktual wazıypaları: balalardıń sanasına, muzıkalıq oylawın rawajlandırıw; studentlerdiń sezimiy salasın rawajlandırıw; túrli iskerlikti rawajlandırıw menen baylanıslı shaxstıń kúshli ǵayratlı, aktiv tárepin rawajlandırıw bolıp tabıladı.

Zamanagóy muzıka táliminiń aktual máseleleri: kórkem ónerdiń túrleriniń ózara tásirine tiykarlanǵan oqıtıwda kompleks jantasıwdan paydalanıw; jańa tálim texnologiyaların engiziw; jumıstıń innovciyalıq formalarınan paydalanıw; muzıkalıq tálimniń zamanagóy usıllarınan paydalanıw; kórkem didaktika principlerıden paydalanıw esaplanadı. Muzıka sabaǵı, bárinen burın, dóretiwshilik sabaǵı bolıp, ol tekǵana balanıń muzıka menen gezlesiwi faktı bolıwı, bálki balanıń ózindede ózgerislerge alıp keliwi kerek.

Zamanagóy mekteptiń muzıka sabaǵı: ulıwma qabıl etilgen túsinikke kóre, zamanagóy muzıka sabaǵı - bul bilimlendiriw tarawınıń ústin turatuǵın wazıypaları hám muzıkanı seziwdiń ayriqsha qásiyetleri uyqas túrde uyqaslasqan zaman menen sáykes bolǵan sabaq. Búgingi kúnde mektep táliminiń wazıypaları bala, onıń individuallıǵı hám ayrıqshalıǵın ashıp beriw, jámiyette ózin tabıw, ózin jáne onıń átirapındaǵı haqıyqattı ózgertiw qábiletine qaratılǵan. Zamanagóy mektep muzıka sabaǵında oqıtıwshınıń maqseti oqıwshılarda júz berip atırǵan ózgerislerge qaratılǵan. Bul sonı ańlatadı, oqıw procesi muzıkalıq iskerliginiń tayın tájiriybesin uzatıwǵa emes, bálki bul tájiriybege tartıw, onı ózlestiriw, ózgertiw hám toltırıw usılların ózlestiriwge qaratılǵan bolıwı kerek. Balada júz berip atırǵan ózgerisler onıń muzıkalıq mádeniyatınıń barlıq strukturalıq bólimlerinde kórinetuǵın boladı: muzıkalıq tájiriybesi, muzıkalıq sawatlı adamlıǵı, muzıkalıq dóretiwshiligi. Balanıń muzıkalıq mádeniyatınıń hár bir strukturalıq bólegin qáliplestiriw muzıka oqıtıwshı pedagogikalıq iskerliginiń predmeti esaplanadı. Jańa tálim texnologiyaların engiziw ulıwma bilim beriw mámleket standartın sapalı ámelge asırıwǵa xızmet etedi.

**REFERENCES**


1. Абдулин, Э.Б., Николаева Е.В. Теория музыкального образования: учебник для студентов высш. пед. учеб, заведений. - М.:Академия, 2004.
2. Avlaev O.U., Jo’raeva S.N., Mirzaeva S.R. Ta’lim metodlari. Toshkent. Navro’z nashriyoti. 2017.
3. Азизходжаева Н.Н. Педагогические технологии и педогогическое мастерство. Тошент. Чулпан, 2005.
4. Tajimuratova S. BASQARIW DÁREJESIN ILIMIY DÁREJEDE RAWAJLANDIRIW //NRJ. – 2024. – Т. 1. – №. 2. – С. 24-27.
5. Tajimuraova S. S. INFORMATION AND COMMUNICATIONS IN MANAGEMENT //Journal of Integrated Education and Research. – 2022. – Т. 1. – №. 5. – С. 509-511.
6. Saginbaevna T. S. FORMATION OF STUDENTS'SKILLS OF INDEPENDENT PERFORMANCE THROUGH THE TEACHING OF ART HISTORY //Spectrum Journal of Innovation, Reforms and Development. – 2022. – Т. 9. – С. 386-392.
7. Тажимуратова Ш. С. САНЪАТШУНОСЛИК ФАНЛАРИНИ ЎҚИТИШ ОРҚАЛИ ТАЛАБАЛАРНИНГ МУСТАҚИЛ ИШЛАШ КЎНИКМАЛАРИНИ ШАКЛЛАНТИРИШ. – 2023.
8. Xojamuratov Q. B. ISSUES OF THE DEVELOPMENT OF FINE ARTS IN SCHOOLS //Modern Science and Research. – 2024. – Т. 3. – №. 2. – С. 333-336.
9. Xojamuratov K. B. THE FOUNDATIONS AND FORMATION OF PAINTING IN THE FINE ARTS OF KARAKALPAKSTAN IN THE 1970S AND 1980S //Modern Science and Research. – 2024. – Т. 3. – №. 2. – С. 341-345.
10. Абатов, Жалғасбай Орынбаевич. "ТАРИХНИ БИЛИШ ОРКАЛИ ТАСВИРИЙ САНЪАТ НАМУНАЛАРИНИ ТУШУНИШГА ЎРГАТИШ УСУЛЛАРИ." (2023).
11. Orinbaevich A. J. An Integrative Approach to Teaching Students to Understand Fine Art Samples //Journal of Pedagogical Inventions and Practices. – 2023. – Т. 24. – С. 49-53.